

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Upacara adat mangrupa salah sahiji kagiatan anu teu bisa leupas tina kahirupan masarakat Sunda. Ieu hal katémbong ku ayana upacara-upacara adat ti mimiti manusa gubrag ka dunya nepi ka tilar dunya. Pikeun masarakat Sunda, upacara adat téh raket patalina jeung kapercayaan, utamana masarakat Sunda baheula. Upacara adat mangrupa salah sahiji titinggal masakat Sunda heubeul anu masih kénéh hirup nepi ka kiwari.

Nurutkeun Surjadi (2010, kc. 191) upacara adat anu raket jeung kapercayaan masarakat Sunda nyaéta upacara-upacara adat anu patali jeung siklus hirup (*life cycle*), adat tatanén, jeung adat waris. Upacara-upacara adat anu patali jeung siklus hirup (*life cycle*), nyaéta:

- 1) Upacara adat saméméh lahir, anu ngawengku salametan bangsal, tingkeban, jeung salametan bubur lolos;
- 2) Upacara adat salila hirup, anu ngawengku salametan ngalahirkeun, salametan 40 poé umur orok, sunatan, bancakan atawa tepung taun, tunangan jeung upacara adat kawinan;
- 3) Upacara adat sabada maot, anu ngawengku nyusur taneuh, tiluna (poé ka-3 sabada maot), tujuhna (poé ka-7 sabada maot), matang puluh (poé ka-40 sabada maot), natus (poé ka-100 sabada maot), mendak taun, jeung néwu (poé ka-1000 sabada maot) (Surjadi, 2010, kc. 204).

Dina ieu panalungtikan, panalungtik bakal nalungtik salah sahiji upacara adat anu patali jeung upacara adat salila manusa kumelendang hirup di alam dunya, nyaéta upacara adat kawinan.

Mangrupa hiji kabiasaan pikeun masarakat Sunda anu masih pageuh nyekel tali karuhun, saupama miboga maksud rék kawinankeun anakna tara leupas tina upacara adat. Upacara adat kawinan Sunda mangrupa salah sahiji kagiatan upacara adat anu masih kénéh hirup tur dilaksanakeun ku masarakat

Sunda nepi ka kiwari. Dina Upacara adat kawinan Sunda nyangkaruk ungkapan émosional nu mageuhan norma-norma jeung ajén-inajén boh dina prak-prakanana, banda anu dipaké nalika upacara, ogé dina rumpaka anu ditembangkeunana.

Pedaran ngeunaan upacara adat kawinan geus réa dibahas dina buku-buku atawa karya ilmiah anu magrupa makalah, skripsi atawa tésis. Upamana baé dina buku *Bab Adat2 Oerang Priangan jeung Oerang Sunda Lian ti Éta* (R. Haji Hasan Mustapa, 1913) anu ditarjamahkeun kana basa Indonésia ku M. Maryati Sastrawijaya anu judul bukuna *Adat Istiadat Sunda*. Salian ti éta ogé dina buku *Upatjara Adat di Pasundan* (A. Prawirasuganda, 1964); *Modana* (R.H. Uton Muchtar jeung Ki Umbara, 1977); *Rupa-rupa Upacara Adat Sunda Jaman Ayeuna* (Moh. E. Hasim, 1984); *Upacara Adat Panganténan* (M. Sopandi jeung H.Sukarna Sastraprijadi, 1993); *Pranata Acara Karesmen Adat Jatukrami di Tatar Galuh Ciamis* (H. Djadja Sukardja, 2002); *Masyarakat Sunda Budaya dan Problema* (H.A Surjadi, 2010).

Tina buku-buku anu disebutkeun, umumna medar ngeunaan runtuyan upacara adat kawinan sagemblengna, ti mimiti upacara adat saméméh kawinan nepi ka upacara adat sabada kawinan. Aya ogé panalungtikan dina taun 2012 anu ditulis ku Apip Ruhamdani nu judulna Ulikan “*Struktural jeung Semiotik Upacara Adat Kawinan Sunda*”, nu medar ngeunaan runtuyan upacara kawinan adat anu disawang tina jihat struktur jeung semiotik. Salian ti struktur jeung semiotik, éta panalungtikan anu mangrupa tésis di Program Studi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda SPS UPI ogé medar ngeunaan ajén-inajén dina runtuyan acara upacara adat kawinan. Dumasar kana hasil panalungtikan saméméhna panalungtik miboga kapanasaranan kana rumpaka upacara adat anu tacan kungsi ditalungtik.

Salian ti runtuyan kagiatan upacara adat kawinan, ogé banda-banda anu dipaké nalika lumangsungna upacara adat kawinan, rumpaka upacara adat kawinan ogé mangrupa bagéan anu penting dina kagiatan upacara adat kawinan. Tanpa ayana rumpaka upacara adat kawinan anu dina pelaksanaana ditembangkeun, kagiatan upacara adat bakal karasa hambar. Salian ti éta, papatah-papatah kolot anu diwakilan ku nu mingpin upacara adat bakal teu katepikeun. Rumpaka upacara adat kawinan di tatar Sunda réa rupana, salah sahijina nya éta

Esty Karya Astuti, 2016

RUMPAKA UPACARA ADAT KAWINAN DI DÉSA SUKAMULYA KECAMATAN CIGUGUR KABUPATEN KUNINGAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

rumpaka upacara adat nu aya di Desa Sukamulya Kecamatan Cigugur Kabupatén Kuningan. Dina rumpaka upacara adat kawinan nu aya di Désa Sukamulya Kecamatan Cigugur Kabupatén Kuningan ngandung ajén-inajén kahirupan anu perlu diguar. Ku kituna panalungtikan ngeunaan rumpaka upacara adat kawinan perlu dilakukeun.

1.2 Rumusan Masalah

Upacara adat kawinan Sunda mangrupa salah sahiji kagiatan upacara adat anu masih kénéh hirup tur dilaksanakeun ku masarakat Sunda nepi ka kiwari. Dina upacara adat kawinan Sunda nyangkaruk ajén-inajén kahirupan boh dina prak-prakanana, banda anu dipaké nalika upacara, ogé dina rumpaka anu ditembangkeunana.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur rumpaka upacara adat kawinan di Désa Sukamulya Kecamatan Cigugur Kabupatén Kuningan?
- 2) Kumaha unsur sémiotik (indéks, ikon, simbol) anu aya dina rumpaka upacara adat kawinan di Désa Sukamulya Kecamatan Cigugur Kabupatén Kuningan?
- 3) Naon waé ajén étnopédagogik (Prilaku Nyunda Tri-silas, Catur Diri Insan, Gapura Panca Waluya, jeung Moral Kamanusaan) anu nyampak dina rumpaka upacara adat kawinan di Désa Sukamulya Kecamatan Cigugur Kabupatén Kuningan?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta maluruh rumpaka upacara adat kawinan nu aya di Désa Sukamulya Kecamatan Cigugur Kabupatén Kuningan tina jihat struktur, sémiotik jeung étnopédagogik.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- 1) Struktur rumpaka upacara adat kawinan di Désa Sukamulya Kecamatan Cigugur Kabupatén Kuningan.
- 2) Unsur sémiotik anu aya dina rumpaka upacara adat kawinan di Désa Sukamulya Kecamatan Cigugur Kabupatén Kuningan.
- 3) Ajén étnopédagogik anu nyampak dina rumpaka upacara adat kawinan di Désa Sukamulya Kecamatan Cigugur Kabupatén Kuningan.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngabeungharan jeung ngalengkepan widang paélman ngeunaan tradisi Sunda, utamana dina upacara adat kawinan Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan gedé mangpaatna pikeun sababaraha kalangan.

a. Guru

Dipiharep bisa ngalegaan pangaweruh ngeunaan tradisi Sunda hususna dina upacara adat kawinan.

b. Murid

Dipiharep bisa jadi bahan bacaan pikeun materi pedaran budaya.

c. Masyarakat

Dipiharep bisa mikawanoh rupa-rupa upacara adat Sunda hususna upacara adat kawinan, tur bisa nambahan pangaweruh ngeunaan ajén-inajén nu aya dina rumpaka upacara adat kawinan.

d. Panalungtik séjén

Dipiharep bisa jadi pangrojong keur nulis jeung nyusun deui rupa-rupa tulisan atawa karya ilmiah.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu tesis kabagi jadi lima bab nyaéta:

BAB 1 BUBUKA, anu eusina ngawengku kasangtukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika panulisan;

BAB II KAJIAN TIORI, anu eusina ngawengku pedaran tiori-tiori ngeunaan kabudayaan, folklor, upacara adat kawinan, narasi, puisi, strukturalisme, semiotik, jeung etnopedagogik, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir;

BAB III METODE PANALUNGTIKAN, anu eusina ngawengku metode panalungtikan, sumber data, desain panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data;

BAB IV HASIL JEUNG PEDARAN, anu eusina ngadarkeun hasil jeung bahasan panalungtikan anu ngawengku, hasil analisis unsur struktural, unsur semiotik, jeung ajén etnopedagogik tina rumpaka upacara adat kawinan di désa Sukamulya.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN anu eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan sarta méré saran ngeunaan hal anu aya patalina jeung panalungtikan anu dilakukeun.